# Йесо Киристей райгурд

1 Еци бæнтти кесæр Август бардзурд равардта æгас бæсти цæрæг
адæми исфинст исаразуни туххæй. 2 Е адтæй фиццаг исфинст —
арæзт æрцудæй, Квирини Сирийæн æлдареуæг ку кодта, еци замани.
3 Æма адæм еугурæй дæр рандæ 'нцæ сæхе ниффинсун кæнунмæ,
алке дæр — æ сахармæ. 4 Иосиф дæр Галилеййæй, Назарети
сахарæй, иссудæй Иудейæмæ, Вифлеем ке хонунцæ, Давиди еци
сахармæ, уомæн æма адтæй Давиди артæй рацæуæг, æ байзæддаг. 5
Æхе ниффинсун кæнунмæ Иосифи хæццæ рандæ 'й Мариа дæр,
курдуати ин Ка бадтæй, Е. Нур Мариа ба æнгъæлдзау адтæй. 6
Вифлееми ку адтæнцæ, уæд æрцудæй Æ нийййерун афонæ, 7 æма
нийййирдта Æ фиццаг Фурти, байтухта хæцъилтти, æма 'Й ниввардта
кæвдæси, уомæн æма син иуазæгуати бунат нæ адтæй. 8 Еци сахари
фалгæрон, будури, сæ дзоги цори æхсæвебадæн кодтонцæ
фиййæуттæ. 9 Æма Хуцауи изæд фестадæй сæ рази, ниссæрохс
кодта Хуцауи намус, æма си устур тас бацудæй. 10 Фалæ син изæд
загъта: «Ма тæрсетæ, æз уин игъосун кæнун, æгас адæмæн дæр
нивæгонд ка æй, еци устур цийни туххæй: 11 аци бон сумахæн
Давиди сахари райгурдæй Ервæзунгæнæг — Хецау Киристе. 12
Байфæсмæрдзинайтæ мæнæ аци нисанмæ гæсгæ: иссердзинайтæ
Сувæллони хæцъилтти тухтæй, кæвдæси хусгæй». 13 Уæд изæди
рази æваст февзурдæнцæ æндæр берæ уæларвон изæдтæ æма кадæ
кодтонцæ Хуцауæн: 14 «Намус уæд Хуцауæн уæлæрвти, зæнхæбæл
ба, Хуцау арази кæмæй йæй, еци адæммæ фарнæ бадзорæд». 15 Æма
изæдтæ фиййæутти цорæй уæларвмæ ку рандæ 'нцæ, уæд и
фиййæуттæ загътонцæ кæрæдземæн: «Гъæйдæ мадта иссæуæн
Вифлееммæ æма фæууинæн, ци æрцудæй, Хуцау нин цæй туххæй
фегъосун кодта, уой». 16 Æма æвæстеуатæй иссудæнцæ,
иссирдтонцæ Мариа æма Иосифи, æма кæвдæси хусгæй Сувæллони.
17 Ку Æй фæууидтонцæ, уæд радзурдтонцæ, Аци Сувæллони туххæй
син ци загъд адтæй, уой. 18 Æма ка фегъуста, етæ еугурæй дæр дес
кодтонцæ, фиййæуттæ син ци загътонцæ, уобæл. 19 Мариа ба,

цидæриддæр æрцудæй, уони Æ зæрди ивардта æма сæбæл сагъæс кодта. 20 Нур фиййæуттæ ба сæ дзогæмæ раздахтæнцæ æма, цидæриддæр фегъустонцæ æма фæууидтонцæ, уой туххæй кадæ кодтонцæ Хуцауæн æма 'Й æстудтонцæ. Алци дæр æрцудæй, заъд син куд адтæй, уотæ.